

**AKADEMI KREYÒL AYISYEN :
KI AVANTAJ ? KI PWOBLÈM ?
KI DEFI ? KI AVNI ?**

**AKADEMI KREYÒL AYISYEN :
KI AVANTAJ ? KI PWOBLÈM ?
KI DEFI ? KI AVNI ?**

Université d'Etat d'Haïti



AKADEMI KREYÒL AYISYEN : KI AVANTAJ ? KI PWOBLÈM ? KI DEFI ? KI AVNI ?

INIVÈSITE LETA D AYITI
PÒTOPRENS, 26-29 OKTÒB 2011

Baz kòlòk sa a chita sou nesosite pou nou fè bon jan refleksyon epi pou nou jwenn bon jan antant sou yon sitiyasyon ki konsène tout nasyon an e ki makonnen ak lang moun nan popilasyon an pale e ki jan Leta ayisyen jere sitiyasyon sa a.

Gen plizyè atik nan konstitisyon 1987 la ki bòde kesyon lang yo ann Ayiti. Nan yon premye moman, konstitisyon an fè yon mouvman doub ; an 1^e, li rekonèt lang kreyòl la kòm lang « tout ayisyen an jeneral », an 2^{em}, li fè konnen genyen de (2) lang ofisyèl : kreyòl ak franse. Konstitisyon an fè lòt egzijans toujou, tankou pou kominikasyon ant Leta ayisyen ak popilasyon an fèt nan tou de (2) lang ofisyèl yo kit se lè pouvwa jistis la ap travay oubyen kit se lè pou enstitisyon Leta yo simaye tout dokiman ki konsène lavi peyi a nan lang sa yo tou, ni aloral, ni alekri. Nan lide pou li ankouraje yo respekte divès dispozisyon sa yo, konstitisyon an egzije Leta ayisyen pou li mete yon Akademi ayisyen kanpe. Prensipal travay konstitisyon an trase pou akademi an se « fikse lang kreyòl la epi fè lang kreyòl la devlope anfòm, ann òd epi selon prensip lasyans » (Atik 213).

Si n ap gade sak fèt depi 24 lane pèp ayisyen an vote konstitisyon an, nou ka di nou lwen toujou : nan kesyon kominikasyon ant leta ak popilasyon an, nan kesyon edikasyon, nan kesyon lajistis, elatriye.

Konsa, nan woumble sa a, n ap gen pou gade kouman nou ka rive fè aplike youn nan egzijans total kapital pèp ayisyen an fè depi 24 lane li vote konstitiyon 87 la.

Liv kòlòk la prezante ansanm aktivite ki ap gen pou fèt nan kad evenman syantifik sa, depi nan ouvèti kòlòk la jouk nan bout li. Epi tou li prezante yon anèks ki gen ladan l yon seri dokiman enpòtan ki konsène kòlòk la ak Akademi lang kreyòl la. Liv kòlòk la gen diferan pati tankou :

- Prezantasyon
- Lis moun ak enstitisyon ki òganize kòlòk sa a
- Pwogram kòlòk la
- Rezime kominikasyon yo
- Anèks
 - » Pwopozisyon tèks diskisyon sou ki sa Akademi lang kreyòl la ka ye.
 - » Deklarasyon komite inisyativ pou mete Akademi ayisyen an kanpe.
 - » Appel solennel pour la mise en place de l'Académie du créole haïtien.

Pou komite inisyativ la :
 Inivèsite Leta d Ayiti
 / Direksyon rechèch

LIS MOUN AK ENSTITISYON KI ÒGANIZE KÒLÒK SA A

KOM ITE INISYATIV

- Inivèsite Leta d Ayiti (UEH): Jean Vernet HENRY/
Fritz DESHOMMES
- Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (SEA): Carol JOSEPH/
Grégory CALIXTE
- Près Nasyonal d Ayiti: Willems ÉDOUARD
- Konfederasyon Nasyonal Vodou Ayisyen: Max BEAUVOIR/
Euvonie AUGUSTE
- Jounal Bon Nouvèl: Jean-Pierre NZEMBA WAYI/
Rosilia FRANÇOIS

Komite pilotaj

- Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl
(MENFP): Pierre Michel LAGUERRE/ Néhémie BOUSSIQUOT
- Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (SEA): Carol JOSEPH/
Grégory CALIXTE
- Près Nasyonal d Ayiti: Willems ÉDOUARD
- Konfederasyon Nasyonal Vodou Ayisyen: Max BEAUVOIR/
Euvonie AUGUSTE
- Inivèsite Leta d Ayiti (UEH): Jean Vernet HENRY/
Fritz DESHOMMES
- Fakilte Lengwistik Applike (FLA): Lionel SANON/
Junior Fils RENÉ
- Bon Nouvèl: Jean-Pierre NZEMBA WAYI/ Rosilia FRANÇOIS

- Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS) :
Sony ESTEUS
- Biwo Nasyonal Etnoloji (BNE) : Suze MATHIEU
- Ministè Kilti ak Kominikasyon (MCC) : Jn-Yves BLOT

Komite syantifik

- Darline COTTIERE
- Fritz DESHOMMES
- Jean Léon AMBROISE
- Yves DEJEAN
- Laennec HURBON
- Michel DEGRAFF
- Renaud GOVAIN
- Nirvha JEAN-JACQUES
- Pierre Michel LAGUERRE

Komite sipò

- Adeline CHANCY
- Clotaire SAINT-NATUS
- Pierre Michel CHÉRY
- Pauris JN-BAPTISTE
- Frenand LÉGER
- Stéphane PIERRE-PAUL
- Lyonel TROUILLOT
- Carol JOSEPH
- Lionel SANON
- Pè Jan OUT
- Rosilia FRANÇOIS

Komite òganizasyon

- Wilson DORLUS
- Claude PIERRE
- Jean-Léon AMBROISE
- Rodny ESTEUS
- Monique ELICART

PWOGRAM KÒLÒK LA

MÈKREDI 26 OKTÒB 2011

Seremoni ouvèti : 6è00-8è00

- De mo pou kòmanse
- Diskou manm Komite Inisyativ la :
 1. Pè Nzemba Wayi, Direktè Jounal Bòn Nouvèl ;
 2. Ati Nasyonal Max Beauvoir, Prezidan Konfederasyon Nasyonal Vodouyizan Ayisyen
- Diskou prezidan komisyon edikasyon Sena a, Edmonde Supplice-Beauzile
- Diskou Rektè Inivèsite Leta a, Jean Vernet Henry
- Diskou minis manm komite pilotaj la
- Kolasyon

Premye jounen : jedi 27 oktòb 2011

9è00-9è45 Diskou prensip sou kesyon akademi an,
Doktè Yves Déjean

9è45-10è00 Poz

10è00-11è50 **Panèl A: Lang ak sosyete**

Ki kalte rapò nou ka tabli ant lang ak sosyete ? Nan ki mannyè nou ka pale de koze lang lan tankou yon pwoblèm anndan sosyete a ? Nan ka ki konsène leta ayisyen ak popilasyon ayisyen an, ki mòd pwoblematizasyon ki ka pèmèt nou bouske nannan pwoblèm sosyete sa a ? Kesyon sa yo se yon lo pami yon ansanm kesyon reyalite sosyal ayisyen an mande nou poze, nan sa ki gen pou wè ak mannyè moun ap viv nan peyi a, ansanm enstitisyon ak dokiman ki pwodui pou

òganize lavi moun, rapò moun ak ansanm enstitisyon ak dokiman ki pwodui pou òganize lavi. Plizyè nivo te ka parèt nan kad yo pwoblematizasyon sou lang ak sosyete. a) « moun » nan rapò yo ak kesyon ontoloji, egzistans epi idantite ; b) mòd kategorizasyon moun ak regwoupam moun ann Ayiti sou sa ki konsène lang popilasyon an ak lang Leta ayisyen (sa ki egzije sitou pou nou gade makfabrik popilasyon nou an) ; c) rapò popilasyon ayisyen an ak lòt popilasyon nan kad divès kalte regwoupman ak enstitisyon nasyonal, rejyonal ak entènasyonal.

Nan sans sa a, panèl « Lang ak sosyete » a se yon bon pòt louvri pou kòmanse poze manman kesyon sa a : Ki akademi ayisyen pou Ayiti, nan ki rejyon ak nan mond ?

Pwogram panèl A

- Langue et intégration nationale
Michel Hector, Inivèsite Leta d Ayiti
- Le créole et les relations internationales d’Haïti : des initiatives et leurs incidences (1940-1960).
Wien Weibert Arthus, doktora nan Istwa, Inivèsite Pari I Panteyon-Sòbòn.
- Nesesite ak idantite : Pwodiksyon ekritoryèl an lang ayisyen.
Tontongi (Eddy Toussaint), Editè an chèf Revi Tanbou
- Conflictualités et « reconnaissance » comme imposition du soi dans l’espace civique : reconnaissance de soi entre « complicité » et résistances.
Adler Camilus, Etidyan pou doktora nan Filozofi, LCCP Pari 8.
- Deba, diskisyon

Panèl B : Lang kreyòl ak jan yo sèvi avè l

Panèl sa a jwenn sous nan lide ki di richès lang kreyòl la chita nan richès pratik moun ki pale l yo. Lide sa kore yon lòt lide ki pèmèt nou konprann lang kreyòl la pa senpman yon tiyo ki konekte moun ak moun nan sa y ap di, men tou li se yon rezèvwa konesans pou moun ki pale l yo. Nan sans sa, li enpòtan pou nou kesyone fason yo sèvi ak lang kreyòl la nan divès domèn lavi popilasyon ayisyen an. Pa egzanp, ki jan yo sèvi ak lang kreyòl la nan domèn lasante kit se

jan enstitisyon yo sèvi ak li, kit se konesans ki pwodui nan fason popilasyon an sèvi ak lang kreyòl la. Sa makonnen tou ak kesyon sou rapò enstitisyon yo ak popilasyon yo dwe bay sèvis la, men tou, li makonnen ak rapò enstitisyon yo ak konesans ki pwodui anndan popilasyon ayisyen an.

11è50-1è20: **Temwayaj** (15 minit chak moun)

Pwogram panèl B

- « Sante ak konesans kò fanm »
Nicole Magloire, doktè, otè liv « Koze Fanm »
- « Kreyòl nan anseyman syans nan lekòl »
Guy Etienne, Direktè Kolèj Catts Pressoir,
- « Fòmasyon sou lasyans veterinè an kreyòl »
Rosanie Moise-Germain, Agwonòm, Direktris Veterimed,
- Eksperyans tradiksyon « Mèt Lawouze Douvanjou »/
Jacques Roumain (Gouverneurs de la Rosée)
Clotaire Saint-Natus, powèt, ekriven, tradiktè
- Deba, diskisyon

1è20-2è30 : **Dine**

2è30-5è00 : **Panèl B (suit): Lang kreyòl ak jan yo sèvi avè l**
(20 minit chak moun)

-
- Pretay mo kreyòl ayisyen fè nan anglè ak espanyòl : konpòtman « leksiko-semantik » ak fonolojik mo prete yo.
Renauld Govain, Pwofesè nan Inivèsite Leta d Ayiti
 - Expérience à Cuba avec le créole haïtien.
Isabel Martinez Gordo, Pwofesè ak investigatè, Direktè Instituto de Literaturatura y Linguistica
 - Bay bwèlt Sendomeng : Uses of Haitian Creole in Santo Domingo, Dominican Republic.
Jayaram Kiran, Kandida doktora, Teachers College, Inivèsite Columbia.
 - Ann brase lide pou n mete yon politik tradiksyon sou pye nan peyi a.

Jacques Pierre, Konferansye sou Kreyòl ayisyen ak Franse,
Duke University, Durham, North Carolina.

- Le créole et la production littéraire.
Paul Antoine, Pwofèsè Inivèsite Leta d Ayiti.
- Le Créole dans la République des Lettres :
une esquisse et un détour pan-Créole
Reginald Dewight Patterson, Etidyan pou Doktora,
Depatman lang Womàn : la littérature francophone et
créolophone, l'histoire antillaise, la linguistique créole.
Duke University.
- Constructing the History of the School of Caribbean
Linguistics
Marsha Nicole Hinds-Layne, mastè nan leksikoloji, Etidyan
pou yon doktora nan Lengwistik ak Filozofi nan Inivèsite
West Indies (Cave Hill), Babad.
- Deba, diskisyon

Dezyèm jounen : vandredi 28 oktòb 2011

Panèl B : Lang kreyòl ak jan yo sèvi avè l (suit)

9è00-9è45 : Kreyòl nan Legliz (15 minit chak moun)

- Istwa legliz nan pwomosyon kreyòl;
Monseyè Pierre André Pierre, Rektè Inivèsite Nòtredam ;
Pè William Smarth, Direktè CIFOR (Centre Inter-Institut
de Formation Religieuse)
- Eksperyans tradiksyon bib la an kreyòl,
Monseyè Pierre-Antoine Paulo, Monseyè nan eveche Pòdepè,
Prezidan Komisyon Episkopal pou tradiksyon bib la.
- Deba, diskisyon

9è45-10è00 : Poz

10è00-12è30 : Panèl C : Lang kreyòl, edikasyon, teknoloji

Lè nou konsidere lang lan tankou yon rezèvwa konesans, sa egzije nou poze tèt nou kesyon sou fason moun pwodui konesans epi fason moun pataje konesans ak lòt moun, kit sa gen pou wè ak konesans

sou pratik lavi, mannyè nou panse ak mannyè nou aji. Men tou sa gen pou wè ak konesans sou divès domèn nan lavi moun, epi tou, sa gen pou wè ak aplikasyon teknik konesans yo. Sa mennen nou dirèk dirèk nan pwoblematizasyon sou mòd rapò ki tabli ant lang, edikasyon epi teknoloji. E kòm pozisyon tout lang toujou varye soti yon epòk rive yon lòt, lang kreyòl la ap evolye nan bouch moun ki pale l yo. Kidonk, li charye lòt konesans chak jou pi plis, e li ka charye plis ankò. Nan sans sa a, sèvi ak yon lang nan edikasyon popilasyon ki pale li a, se yon nesosite e se menm yon devwa. E se konsa nou ta kapab poze tèt nou kesyon, si edikasyon se pa youn nan branch ki pouse save fè rechèch sou yon lang ? Jan yon popilasyon sèvi ak lang li kapab ede li evolye sou plan syantifik. Evolisyon k ap fèt nan lemond kapab pouse moun poze tèt yo kesyon sou jan yo kab sèvi ak lang yo pale a, ki kote yo kab sèvi ak li epi pou ki sa, e se youn nan defi nouvo teknoloji enfòmasyon yo mete devan popilasyon ayisyen an ki pale kreyòl jounen jodi.

Pwogram panèl C (20 minit chak moun)

- Lekòl an kreyòl nan XXI^e syèk, ak teknoloji pou enfòmasyon ak kominikasyon.
Michel Desgraff, MIT Lengwistik ak Filozofi, Cambridge ;
- Interaction Créole – TIC (Technologie de l'Information),
Raymond Noel, Ing, pwofesè inivèsite Leta d Ayiti ;
- Le créole haïtien et la nouvelle technologie de communication universelle d'Unima Logiciel.
Lionel Audant, V.P. Recherche, Unima Logiciel ;
- Créole et expérience de Google,
Jean Francois, Sosyete Koukouy ;
- Renforcer l'accès des locuteurs du créole haïtien aux progrès intellectuels, techniques et scientifiques,
Rochambeau Lainy, doktè an lengwistik, chèchè nan laboratwa LiDiFra (Linguistique, Didactique et Francophonie),
Université de Rouen ;
- Langaj matematik an kreyòl,
Pierre Michel Chéry ;
- Deba, diskisyon.

12è30-1è30 : Dine

1è30-3è20 : Panèl D : Amenajman lengwistik

Panèl sa se yon gwo kafou nan sa ki konsène mete Akademi lang kreyòl la sou pye. Li sitou poze kesyon sou travay ki fèt déjà e sou travay ki rete pou fèt pou konnen lang kreyòl la, lè nou konsidere l tankou yon sistèm tou louvri moun ki pale l yo ap pwodui chak jou pi plis. Li travèse yon ansanm preyokipasyon sou zafè semantik, estilitistik, estetik ak lòt ankò. Panèl sa konsène tou yon ansanm kesyon ki ta dwe poze nan chache konprann itilizasyon lang lan nan divès kalite sitiyasyon (nan enstitisyon, nan mitan zanmi ak fanmi, ak moun nou pa konnen, oubyen sa ki konsène itilizasyon gwosye).

Pwogram panèl D (20 minit chak moun)

- Fè pwomosyon ekri nan lang kreyòl ayisyen an: poukisa epi kouman?
Frenand Léger, kandida pou doktora an literati franse nan inivèsite Towonto.
- Yon amenajman lengwistik pou devlopman pèp ayisyen.
Jean-Robert Placide, pwofesè kreyòl ak franse, chèchè kreyòlis Joseph Sauveur Joseph, PhD an lengwistik, pwofesè lang ak kilti. Soukomite lang GRAHN-Monde.
- Normalisation, standardisation et aménagement linguistique ou créole: entre oraliture et écriture.
Alberte Magally Constant, Doktè nan didaktik lang ak kilti, Inivèsite Pari 3 Sòbòn.
- Pledman pou yon nòmalizasyon lang kreyòl nan kad amenajman lengwistik lang kreyòl. Yon akademi lang pa oblije fè travay negatif.
Nicolas André, MA, Pwofesè Kreyòl ayisyen nan depatman lang modèn FUI.
- Deba, diskisyon

3è20-5è40 : Panèl E : Akademi Kreyòl Ayisyen : Filozofi, Definisyon, Wòl, Modèl estrikti

Panèl sa se kafou kote pou nou kòmanse reflechi ak entèvenan yo sou ki kalite zouti nou bezwen pou travay sou lang kreyòl la. Li

travèse yon manman kesyon ki se: Ki zouti nou bezwen pou travay sou lang kreyòl ki koresponn ak makfabrik sosyete a epi koresponn ak kontèks sosyolojik ayisyen

Pwogram panèl E (20 minit chak moun)

- Enjeux institutionnels et rôles d’une académie du Créole en Haïti.
Anje enstitisyonèl ak wòl yon Akademi Kreyòl en Ayiti.
Bénédiq Paul, Inivèsite Leta d Ayiti
- Kreyòl, franse, angle, panyòl: ki plas ak wòl yon akademi kreyòl nan jan lang ap evolye an Ayiti ?
Darline Cothière, Inivèsite Pari 3
- La production scientifique dans une langue donnée est elle conditionnée à l’existence d’une académie ?
Lemète Zéphyr, Profèsè Inivèsite Leta d Ayiti
- Kreyòl ak lasyans
Michel-Ange Hyppolite, Vis-Prezidan Sosyete Koukouy
- Wòl akademi Kreyòl la,
Jean-Robert Placide, manm sosyete koukouy, manm GRAHN Kreyòl ak akademi,
Emmanuel Eugène, manm Sosyete Koukouy
- Deba, diskisyon

Twazyèm jounen : Samdi 29 oktòb 2011

9è00-10è00 : **Panèl E (suit) Akademi Kreyòl Ayisyen :
Filozofi, Definisyon, Wòl, Modèl estrikti**

- Faciliter l’expression créole du droit
Alain Guillaume, pwofèsè nan Inivèsite Quisqueya
- Une Académie pour le créole Morisien.
Vinesh Hookoomsing, Prezidan Akademi kreyòl morisyen
- Deba, diskisyon

10è-11è30 : Atelye travay : Mizanplas Akademi Kreyòl
Ayisyen an

11è30-11è45 : Poz kafe

- 11è45-12è45 : Plenye
- » Presentasyon Travay Atelye yo
 - » Deba, diskisyon
 - » Rezolisyon kòlòk la
 - » komite suiwi kòlòk la.
- 12è45-1è00 : Finisman
- 1è00-2è00 : Dine
- 6è00-10è00 : Sware kiltirèl

IV. REZIME KOMINIKASYON YO

WIEN WEIBERT ARTHUS

Le créole et les relations internationales d'Haïti : des initiatives et leurs incidences (1940-1960)

L'objectif de cette présentation est d'analyser les incidences de ces initiatives sur les relations internationales d'Haïti. Deux partenaires importants d'Haïti étaient concernés par toute démarche visant à valoriser le créole. Les États-Unis, d'un côté, finançaient les campagnes de valorisation du créole et encourageaient une syntaxe établie selon la méthode établie par le pasteur américain, Frank Laubach. La France, de l'autre côté, voyait comme une menace pour le français toute tentative visant à promouvoir une utilisation « scientifique » du créole.

Eddy Toussaint (Tontongi)
Editè an chèv Revi Tanbou

Grann liy yon esè an preparasyon

**Nesesite ak idantite : Pwodiksyon ekritoryèl
an lang ayisyen**

Antanke lang ki gen yon istwa delejitimasyon ak enferyorizasyon kote yo konsidere palan-lokitè yo kou bèbè k'ap pale yon non-lang, yon lang ki pa konsidere kou yon lang totalcapital, lang ayisyen an (ke moun rele jeneralman « kreyòl » oubyen « kreyòl ayisyen » avèk yon souzantandi pejoratif), ap mennen yon konba alafwa kòm ekspresyon

idantitè, kòm medyòm refleksyon e afeksyon ideyèl e kòm mwayen kominikasyon an risk.

Travay m'ap entreprann nan esè sila a ap chache soutni esansyèlman rapò ant nesesitye pou yon reapwopriyasyon idantitè yon lang sipoze enferyè donk menase de meprizasyon e ostrasizasyon pèmanan, e enpòtans kreyasyon/tablisman enfrastrikti lengwistik e entelekyèl nesèsè yo pou andjanmen lang lan.

Renauld Govain

**Université d'Etat d'Haïti /
Faculté de Linguistique Appliqué
Laboratoire SFL (Université Paris VIII)**

***Pretay mo kreyòl ayisyen fè nan anglè ak espànyòl :
konpòtman “leksiko-semantik”
ak fonolojik mo prete yo
Kouman Akamedi an kapab reyaji
devan yon esperyans konsa?***

Objektif kontribisyon sa a se dekri fenomèn pretay mo kreyòl ayisyen an fè nan anglè ak espànyòl, etidye konpòtman “leksiko-semantik” ak fonolojik yo, anrapò avèk fonksyonman lengwistik chak lòt lang ki enplike yo, pandan n ap gade kijan Akademi an kapab reyaji nan sans “keroyolizasyon” mo/espresyon sa yo nan lang nan oswa si li ta dwe reyaji nan yon lòt sans.

**Isabel Martínez Gordo
Professeur et Investigatrice**

***Expériences à Cuba avec le créole haïtien
Instituto de Literatura y Lingüística***

Des nos jours, des multiples actions sont entreprises en faveur du créole haïtien à Cuba, langue qui a survi pendant plus de deux siècles sur notre sol, grâce à l'oralité et aux sentiments de loyauté linguistique de ses locuteurs.

On asiste en ce moment à la progression du sauvetage culturel du créole dans la communauté haïtienne. Un aspect essentiel a été et est l'enseignement du créole. Cet enseignement leur fournit également des connaissances générales sur des aspects socio – culturels d'Haïti, et leur permet de prendre conscience de l'importance sociale qu'a revêtu la langue maternelle haïtienne.

Jayaram Kiran

“Bay bwèlt Sendomeng: Uses of Haitian Creole in Santo Domingo, Dominican Republic”
Kandida doktora, Teachers College,
Columbia University

Depi ane 90 yo, gen plis ayisyen nan klas popilè k ap travèse Sendomeng kòm ouvriye, kòmésan, oubyen refije. Pami kèk nan yo jwenn kòb etidye espanyòl, pifò ladann yo pa gen ni tan ni mwayen fè sa. Donk baz lang panyòl sòti nan eksperyans travay oubyen lari. Sa aji sou jan y ap pale kreyòl, tou.

Prezantasyon sa a pral reponn keksyon say o: ki jan moun pale kreyòl Sendomeng, ki jan nou kapab konprann chanjman kreyòl yo, epi sa k kontribye sitirasyon chanjman yo? Repons keksyon sa yo baze sou 24 mwa rechèch nan Santo Domingo, Repiblik Dominiken, 2008-2010. Pandan chèchè a t ap fè rechèch doktora li, li fè plizyè entèvyou. Gen ladan yo li anrejistre, epi gen lòt kote li pran nòt. Donne sòti nan metòd sa yo.

Jacques Pierre, Lecturer in Haitian Creole and French,
Duke University, Durham, North Carolina

Ann brase lide pou n mete yon politik tradiksyon sou pye nan peyi a

Ann atandan leta ayisyen rekonèt dwa lengwistik tout moun nan peyi a, nou-menm kreyolis, tradiktè, lengwis, edikatè, elatriye... ki sa nou dwe fè pou n rive kouche yon politik tradiksyon sou papye epi travay ansanm pou nou fòse gouvènman ayisyen an aplike li?

Reginald Dewight Patterson

**Etudiant Doctoral, Département de Langue Romanes :
la littérature francophone et créolophone,
l'histoire antillaise, la linguistique créole
Duke University**

***Le Créole dans la République des Lettres :
une esquisse et un détour pan-Créole***

Dans cette communication, je constaterai que la notion du « détour » historique proposé par Glissant pourra nous aider à mieux cerner le cas haïtien d'une autre perspective car les débats culturels au sujet de l'alphabétisation des créolophones n'y sont guère uniques étant donné que chacune de ces régions (la plupart des îles) ont dû se créer une politique pour se protéger d'une hégémonie de la langue française particulière à chaque région et pour aboutir à l'alphabétisation maximale de leurs populations créolophones. Je propose un survol historico-littéraire.

Marsha Hinds-Layne, Researcher

***Constructing the History of the School
of Caribbean Linguistics***

Marsha Hinds-Layne is a Caribbean linguist. Her research interests include the use of lexicography as a teaching and filing tool, aspects of communication within the Caribbean context and sociolinguistics.

Affiliation: University of the West Indies (Cave Hill)

The Republic of Haiti has been a member of the Caricom Community for the last 9 years. On the eve of the 10th decade of its involvement of Caricom, it is an opportune time to consider the organizational structure which would best drive deepening integration between Haiti and the rest of the Caricom region. The most obvious prerequisite to such a discourse would be language planning and policy

in order to establish the official languages to be used within Caricom as well as the status of the Nation languages used in the region.

**Pierre-Antoine Paulo, Evèk Pòdpè,
Komisyon Episkopal Tradiksyon Bib la**

Tradiksyon Bib la an kreyòl

Travay tradiksyon Bib la an kreyòl montre nou ni limit ni valè lang kreyòl la. Bib la soti nan kilti pèp ebre a. Lang ebre yo te pale nan tan sa a, se yon lang ki konkrè, kidon li di reyalyite a jan l ye a. Li pa yon lang ki abstrè, kote w pa finn wè reyalyite ki kache dèyè mo a. Se konsa lang kreyòl la ye tou. Se poutèt sa kreyòl la alèz ak pifò sistèm lengwistik kote Bib la soti a. Men kote kreyòl la pa fin twò alèz se ak sistèm lengwistik ki sèvi nan teyoloji ak nan filozofi ki gen plis enfluyans nan Legliz la, paske li pi abstrè. Nou dwe fè plis efò ak tradiksyon kreyòl la nan domèn sa a.

Kreyòl ak Teknoloji pou Enfòmasyon ak Kominikasyon pou lekòl nan 21^{em} syèk.

**Michel Degraff
Massachusetts Institute of Technology
Cambridge, U.S.A.**

***Lekòl an kreyòl nan XXI^e syèk, ak teknoloji
pou enfòmasyon ak kominikasyon***

Nan prezantasyon sa a, mwen pral ankouraje planifikasyon Akademi Kreyòl la pou li kore kreyòl kòm lang prensipal ni nan lekòl ni nan zouti Teknoloji pou Enfòmasyon ak Kominikasyon (“TENK”) ki dwe sèvi nan lekòl. De (2) zouti sa yo (kreyòl ak TENK) dwe makonnen ansanm pou amelyore edikasyon pou tout moun ann Ayiti – soti nan lekòl primè rive nan inivèsite. Men, kòm tan pou prezantasyon an kout, n ap sèlman fè yon ti analiz sou yon pwojè pilòt pou ansèyman matematik nan yon klas 4^{em} ane lekòl fondamantal nan Matènwa (Lagonav).

Jean-Marie Raymond Noël
Université d'Etat d'Haïti

Interaction Créole - TIC

L'auteur tente de mieux comprendre et décrire les dimensions de l'interaction Créole – TIC à partir des résultats d'une enquête menée auprès d'un échantillon d'étudiants et d'étudiantes en sciences appliquées.

Pascal Audant

Unima Logiciel : présentation générale

Le projet U|slic d'Unima Logiciel a été qualifié de projet spécial d'envergure par des partenaires universitaires au Québec. Mais il lui faut un espace politique pour lui ouvrir le chemin. Compte tenu qu'il s'agit d'un projet d'origine haïtienne, conçu en Haïti par des Haïtiens, il est possible que le premier espace politique qui conviendrait à Unima soit effectivement le pays d'origine de ses fondateurs.

Renforcer l'accès des locuteurs du créole haïtien aux progrès intellectuels, techniques et scientifiques.

Rochambeau Lainy

***Docteur en linguistique, Chercheur associé
 au laboratoire LiDiFra (Linguistique, Didactique
 et Francophonie), Université de Rouen***

Je me propose, dans cette contribution, de montrer en quoi certaines pratiques langagières peuvent renforcer l'accès des locuteurs créolophones aux progrès intellectuels, techniques et scientifiques.

Des pratiques d'expression et de communication ciblées, actions qu'on pourrait, dans une certaine mesure, qualifier de « gestion in vivo » (cf. L.-J. Calvet, 2002 : 19) peuvent renforcer l'accès aux progrès techniques, intellectuels et scientifiques, lorsqu'elles facilitent la création et l'usage des mots nouveaux, des termes spécifiques et des expressions avec lesquels une large majorité de locuteurs pourront se familiariser. Au lieu d'emprunt systématique au français et à l'anglais,

les locuteurs créolophones trouveront suffisamment de lexèmes équivalents, lorsqu'ils évolueront dans ces domaines d'emploi.

Frenand Leger

Fè pwomosyon ekri nan lang kreyòl ayisyen an : poukisa epi kouman?

Nan koumansman kominikasyon sa a, nou pral demontre nesite ak ijans ki genyen pou Leta ayisyen, an tout priyorite, ta lanse yon kanpay nasyonal pwomosyon tout kalite dokiman ekri nan lang kreyòl ayisyen an dapre règ gramatikal ak prensip lengwistik Akademi kreyòl la pral gen pou l fikse. Apre sa, n ap pwopoze bon jan rekòmandasyon sou diferant estrateji ak aksyon konkrè Akademi kreyòl la ta dwe antreprann pou pèmèt lang kreyòl ayisyen an atenn yon nivo ki pèmèt li byen jwe wòl Leta ayisyen ba li a nan atik 40 Konstitisyon 1987 la.

Alberte Magaly Constant,
Docteur en didactologie des langues et des cultures
de l'Université Paris3 Sorbonne Nouvelle

Normalisation, standardisation et aménagement linguistique ou créole : entre oraliture et écriture

Cette communication traitera des interrelations entre le modèle scolaire haïtien hérité de l'école française du XIX^e siècle et la description du créole haïtien considéré sous l'angle de son insertion dans une tradition écrite et l'enseignement scolaire. À l'examen des manuels destinés à l'enseignement/apprentissage du créole et des cours de créole tels qu'ils sont donnés dans les salles de classe, on peut faire deux constats majeurs :

- une instabilité des concepts grammaticaux : un phonème en créole est un « son » ou un « bruit » ; un « verbe » est un « verbe » ou un prédicat etc.
- une vision univoque de l'expression en créole : il n'y a pas de différenciation entre le parler ordinaire et un parler académique : pourquoi dire ti bèt à la place de ensèk (insecte)?

Pourquoi dire estasyon à la place de stasyon ? Pourquoi dire imajinen à la place de imagine ? Quand paraphraser et quand avoir recours à un concept ? Pourquoi donner la priorité aux textes à caractère indigéniste ?

L'observation du terrain scolaire montre que l'on a pas assez réfléchi sur la question de l'émergence ou la création de nouveaux discours en créole haïtien et qu'on a minimisé le poids de l'école traditionnelle qui fournit, encore aujourd'hui, contenus et approches à l'enseignement/apprentissage du créole en milieu scolaire.

Nicolas André, M.A.
Florida International University

Pledman pou yon nòmalizasyon lang kreyòl nan kad amenajman lengwistik
Yon Akademi lang pa oblije fè travay negatif

Youn nan rezon sèten moun konn met devan pou diminye enpòtans yon akademi lang kreyòl, se akoz yo toujou vle fè konparezon ak Akademi franse ki pa ka rive ranpli misyon l ta vle a, epitou yo pa asepte lide « fikse » lang la ki parèt nan Konstitisyon 1987 peyi d Ayiti a. Men èske yon akademi lang oblije parèt tankou yon enstitisyon inital ? Ann pa gade sou sa ki pase pou lòt lang. Anpil fwa, se akoz nou fè twòp konparezon ki fè nou derefize asepte yon bagay. Chak lang diferan youn ak lòt. Yo pa gen menm istwa ni menm devlopman.

Darline Cothière
Université Paris 3 - Sorbonne Nouvelle,
Laboratoire DILTEC

Kreyòl, franse, angle, panyòl : ki wòl yon akademi kreyòl nan jan lang ap evolye an Ayiti ?

Nan prezantasyon pa m nan, mwen vle poze kesyon wòl akademi kreyòl sa a pa rapò ak lòt lang ofisyèl peyi a, frase ; m ap poze kesyon an tou pa rapò ak lòt lang ki kòmanse gaye nan peyi a, mwen vle pale de angle ak panyòl. Kidonk, refleksyon m nan ap chita sou wòl

akademi kreyòl la nan kad yon politik global leta ayisyen ta sipoze mennen nan sa ki konsènen lang. M ap gen pou m pran egzanp timoun ki gen plizye lang nan antouray yo, ki ap aprann franse, ki gen difikilte pou yo pale l pandan yap itilize l pou aprann lekòl. Alafen, m ap fè kèk pwoposiyon sou wòl ak travay akademi sa pou devlopman peyi a.

Lemète Zephir

Professeur de linguistique créole à l'École Normale Supérieure et de traduction à la Faculté de Linguistique Appliquée, UEH

La production scientifique dans une langue donnée, est-elle conditionnée à l'existence d'une académie ?

Notre communication abordera la problématique de l'Académie de la langue créole par rapport à la production scientifique en créole. Elle tentera de répondre aux quatre questions fondamentales suivantes : 1. Quels sont les fondements des académies de langue ? 2. Quelle est la pertinence de la notion même d'académie au 21^e siècle par rapport au développement de la linguistique et des sciences cognitives ? 3. En quoi une académie peut-elle contribuer à la production scientifique dans une langue donnée ? 4. Quelles sont les voies réalistes vers la production scientifique dans n'importe quelle langue donnée d'un point de vue pédagogique ?

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukourouj)

Kreyòl ak lasyans

Nan deba sa a, nou pral demontre ki jan Akademi an kapab youn espas pou kreye zouti ki esansyèl nan domèn lasyans. Entansyon nou se demontre divès fason pou nou rive devlope youn kilti syantifik ki kapab tabli toupatou sou tè Ayiti. Se va anmenm tan youn okazyon pou nou pataje ak piblik la youn seri eksperyans ki fèt nan Kebèk ak nan sosyete sivil lòt peyi.

Jean-Robert Placide,
Pwofesè kreyòl ak fransè, chèchè kreyòlis ;
Joseph Sauveur Joseph, PhD an lengwistik,
Pwofesè lang ak kilti, Montréal

***Yon amenajman lengwistik
 pou devlopman pèp ayisyen***

Tout politik lengwistik chita sou de manman prensip : prensip pèsonalite ak prensip teritoryalite (Woehrling, 2010). An reyalite Leta ayisyen chwazi prensip pèsonalite a, men, li pa pran tout mwayen nesèsè pou tabli yon sistèm bileng ekitab toupatou (Fahmy 1997, Leclerc (2011) : li anpetre ak yon amenajman lengwistik ki bay lang fransè a priorite. Se yon enjistis sosyal ki pa respekte dwa lengwistik popilasyon an.

Pou repare enjistis sosyolengwistik sa a, ki bloke devlopman peyi a, nou pwopoze Leta aplike yon politik amenajman lengwistik ki chita sou yon prensip teritoryalite diferansye adapte nan sitiyasyon Ayiti a : prensip teritoryalite ak priorite obligatwa pou kreyòl la, nan sans atik 15.1 ; 18.1 ; 24 ; 35 ; 26 ; 47.1 ; 51.1 ; 51.2 ; 29.2 ; 29.1 DUDL (1996) la.

**Emmanuel Eugène (Manno Ejèn), Powèt /
 Ekriyen Sosyete Koukouy**

Akademi kreyòl ayisyen an

Kòlòk entènasyonal sou Akademi kreyòl ayisyen an se yon gwo okazyon ki pèmèt nou reflechi avèk tout moùn ki ap travay pou enstitisyonalizasyon lang kreyòl ayisyen an. Noumenm nan Sosyete Koukouy nou kwè yon demach konsa ape rive bay lang ki simante tout pèp ayisyen an zouti li bezwen pou devlopman li. Se pou rezon sila a ki fè nou vle pote kole nan gwo inisyativ sosyete sivil la pran pou li reponn ak yoùn nan obligasyon Konstitisyon 1987 la mande sou kesyon Akademi kreyòl ayisyen an.

Avèk enstitisyonalizasyon lang lan, literati kreyòl la ap gen zouti pou li evolye malgre prejije ak diskriminasyon li ape sibi depi dikdantan. Sitiyasyon sa a, ap mennen nou kesyonnen wòl Leta peyi Ayiti

kapab jwe pou pèmèt evolisyon literai kreyòl la san li pa oblije toke kòn li ak lòt lang ki genyen nan peyi a.

Nan deba sila a, nou ap pwofite reflechi sou kesyon anseyman literati kreyòl ayisyen an ki sipoze fèt nan lekòl depi nivo primè rive nan nivo inivèsité. Nou twouve jounen jodi a se yon gwo mank nan sistèm edikatif nou an.

Vinesh Y Hookoomsing Maurice

Une Académie pour le Kreol Morisien

De toutes les langues qui font la force et l'attrait du multilinguisme mauricien, seul le créole était jusqu'à tout récemment dépourvu d'encadrement institutionnel. En attendant, il a eu l'honneur d'être doté d'une académie par une décision ad hoc de l'Etat mauricien. Il est vrai que la tâche de standardisation de la langue qui a été confiée à cette instance a pour objectif immédiat l'introduction du créole à l'école. Au-delà de cette préparation fonctionnelle, l'Académie a également pour mission la promotion et le développement de la langue qui nous sert d'ancrage et d'emblème.

En partant de la base pour remonter vers le haut, le parcours, bref mais plein de promesse, de l'Akademi Kreol Morisien mériterait d'être raconté et compris, ne serait-ce que pour illustrer la diversité des voies par lesquelles nos langues se frayent un passage vers la reconnaissance et la consécration.

Adler Caril us

Conflictualités et « reconnaissance » comme imposition du soi dans l'espace civique : reconnaissance de soi entre « complicité » et résistances

La reconnaissance du créole ne devrait-elle pas s'inscrire dans une lutte axée autour d'une exigence d'égaliberté engendrant de nouveaux liens entre gouvernants/gouvernés et une nouvelle altérité tout en tentant de voir comment serait-il possible de déplacer l'imaginaire colonial sécrétant et nourrissant l'enfermement ?

Croisant les travaux d'Axel Honneth et une philosophie politique d'inspiration ranciérienne, nous tenterons de saisir les enjeux politiques de la question de la reconnaissance, tout en étant attentif aux formes de « mépris » et d' « invisibilité » générées par la société. Ce, en vue de scruter l'archéologie de la reconnaissance.

Benedique Paul

Anje enstitisyonèl ak wòl yon Akademi Kreyòl an Ayiti

Na atik sa, nou itilize sa ki di nan teori sosyolojik ak enstitisyonèl yo pou nou montre ke Kreyòl Ayisyen an se yon manman-enstitisyon, men paske li manke jèvrin epi tou li poko fin konplè nèt, sa fè nou kapab pran li kòm temwen nan analiz sitiyasyon tout sosyete ayisyèn nan. Lè nou fin fè sa, nou santre analiz la sou defi enstitisyonèl ki poze devan yon Akademi Kreyòl an Ayiti avan nou rive nan kèk ti rekòmandasyon sou kijan òganizasyon sa a ki pral kreye ta dwe fonksyone.

Paul Antoine

Mo-kle : Kreyòl Ayisyen, enstitisyon, Akademi Kreyòl an Ayiti

J'aimerais faire un survol sur la littérature créole en général, la littérature haïtienne d'expression créole en particulier, et sur la nécessité de fixer et d'enrichir la langue haïtienne par une abondante production d'œuvres littéraires de tout genre.

ANÈKS

1. KI SA AKADEMI AN KA YE (PWOPOZISYON POU DISKISYON)

Reflechi sou ki sa akademi ayisyen lang kreyòl la ta ka ye se pa senpman gade kouman pou nou rive aplike youn nan gwo egzijans leta ayisyen fè tèt li depi 24 lane. Jefò sa a mande pou nou founi je nou gade devlopman kreyòl la anndan popilasyon ayisyen an. Apwòch sa a mennen nou gade fonksyònman popilasyon ayisyen an nan sa ki gen pou wè ak jan li pwodui lavi; konsa gen nesosite pou nou poze kesyon sou rapò popilasyon ayisyen an ak lang kreyòl la, sou relasyon nou ta dwe tabli ant lang kreyòl la ak akademi ayisyen lang kreyòl la: ki sa akademi ayisyen an ta dwe ye? ki kontèks istorik ki travèse koze kreyasyon akademi lang lan, pou rezoud ki pwoblèm?

Anvan tout bagay, sa mande tou pou nou poze tèt nou kesyon sou sa yon lang ye pou yon moun oubyen pou yon popilasyon?

Nan sans sa a, nou ka gade yon lang sou plizyè fasad. Pou sa ki konsène nou an, nou ka gade lang kreyòl la alafwa tankou yon gwo rezèvwa epi yon gwo tiyo ki charye ansanm konesans popilasyon ayisyen an, pratik lavi ak lide ki te jèmen epi ki te koumanse donnen nan peyi a depi lè nou t ap boujonnen kòm pèp. Sa nou di la a sòti avan tout bagay nan yon fason nou wè kilti tankou ansanm konesans, pratik lavi, mannyè nou ye, mannyè nou panse, mannyè nou aji ki makonnen ak tout ekperyans nou fè kòm popilasyon nan chache satisfè bezwen kò nou oubyen lespri nou, oubyen toulède an menm tan. Ansanm eksperyans sa yo fèt nan yon tan ki sòti depi lè n ap boujounen rive jouk jounen jodi, li fèt nan yon espas ki tabli sou teritwa leta ayisyen ap kontwòle a depi lendepandans 1804 la nan rapò nou ak lòt popilasyon epi ak lòt teritwa. E kòm ansanm eksperyans

sa yo fèt nan yon lang, ak yon lang, epi tou se eksperyans yon lang ; sa pèmèt nou tabli rapò ant lang lan ak konesans, rapò ant lang lan ak pratik lavi ki pwodui ladan l lan e ak li a. Men, pou sa ki konsène popilasyon ayisyen an, pifò eksperyans – pou nou pa di tout – pou pwodui lavi fèt nan lang kreyòl epi ak lang kreyòl. Pou nou reprann lengwis Dejan : *Ayiti se youn nan peyi ki pi ra kote tout popilasyon an pale yon sèl lang – menm lè gen yon ti pòsyon zwit ki pale yon lòt lang.*

Fasad sa a mennen nou sou yon lòt ki kole kole ak li. Nan sans sa a, nou ka di lang kreyòl la, se yon gwo kafou kote moun idantifye tèt yo epi idantifye lòt moun, se kote pwoblèm idantite ak idantifikasyon an poze anndan popilasyon an. Lang se youn nan kote gwo kesyon « Ki moun ou ye a ? » ka poze. E sou koze sa a, nan gade listwa popilasyon an ak peyi d Ayiti, nou ka konstate leta ayisyen te fè chwa ekri franse, pale franse, epi fè ledikasyon nan lang franse depi lendepandans jouk li rive pran yo desizyon ofisyèl sou sa nan lane 1918. Men sa ki enpòtan nan koze sa a, ni okenn dekrè ofisyalizasyon, ni lekòl pa te anpeche popilasyon an ki pale kreyòl kontinye pwodui lavi li an kreyòl. Popilasyon an te kontinye pwodui konesans nan lang kreyòl san leta ak lekòl potko fè sa. Sa ki ta ka mennen save nan « syanzimèn » yo kesyone de (2) estrateji idantifikasyon, e sitou pou sa ki konsène ledikasyon, yo rive poze kesyon « *ki edikasyon? pou ki moun? e pou ki popilasyon ?* ».

Konstitisyon 1987 la fè egzijans pou leta ayisyen ak tout enstitisyon ki ladan l sèvi ak lang kreyòl li rekonèt kòm lang tout popilasyon ayisyen an. Nan atik 213 konstitisyon an, konstitiyan 1987 yo wè nesite pou yo kreye yon zouti pou travay sou lang kreyòl la. Yo rele li « Akademi ayisyen ».

Nou vle atire atansyon w sou kèk pwèn fondamantal :

- lang kreyòl pran fòm nan pratik lavi popilasyon ki ap pwodui lang lan chak jou, nan pwodui lavi li. Se pa ni lekòl (edikasyon fòmèl), ni dekrè leta ki fè lang lan viv pandan yon bon bout tan. Richès lang lan makonnen ak richès eksperyans popilasyon an ap fè, nan rapò l ak lòt popilasyon.
- Lang kreyòl la te egziste san potko gen yon akademi ayisyen epi li te ede lakonesans jèmen.
- Egzijans pou kreye yon akademi ayisyen lang kreyòl fèt nan yon kontèks istorik ak sosyolengwistik espesifik. Egzijans sa a

fèt, nan yon peyi kote tout popilasyon an pale yon sèl lang, epi yon ti pati zwit pale yon lòt lang anplis.

- Men li fèt tou nan yon kontèks kote se lang ti pati zwit nan popilasyon an pale a ki sèvi pandan yon bann tan kòm lang leta ak ledikasyon.
- Egzijans sa a fèt nan yon kontèks kote lang tout popilasyon an pale a, yo fè li pase pandan yon bann tan pou yon lang san valè, san prestij e ki pa ka charye konesans toutbon. Sa ki bafwe tout konesans popilasyon an pandan yon bann tan, pratik lavi ayisyen, mannyè nou ye, mannyè nou panse, mannyè nou aji. Tout eksperyans sa yo pwodui nan lang kreyòl la e ak lang kreyòl la, e yo pote makfabrik popilasyon ayisyen an.

Kesyon akademi ayisyen lang kreyòl la ki reparèt nan mitan deba nan peyi d Ayiti ta dwe genyen anpil enpòtans nan je Ayisyen jounen jodi. Se pa sèlman yon devwa pou respekte konstitisyon an, sa gen rapò tou ak kouman nou vle pozisyon nou nan mitan tout chanjman k ap fèt yo? Kouman nou vle egzistans nou kòm pèp nan yon mond kote teknoloji ap vale teren? Kouman nou vle idantifye nou nan mitan fenomèn globalizasyon an?

Akademi ayisyen an, nan jan atik 213 la mete l la, se yon zouti ki la pou travay sou lang kreyòl nan lide pou repare yon enjistis ki pran sous depi lakoloni pou rive jwenn nou jouk jounen jodi. Men lè n ap gade, eske li pa ale pi lwen epi pi fon pase sa. Eske Akademi Ayisyen an pa youn nan zouti ki la pou pèmèt nou ranmase « moun » ayisyen kòm patrimwàn peyi d Ayiti ki pote konesans epi pwodwi konesans nan pwodi lavi yo chak jou pi plis?

Ansannm travay akademi an ta ka gen pou li fè sou lang kreyòl la nan peyi a

A. Ede popilasyon an sèvi ak lang kreyòl la pi plis epi chache konnen sistèm lang lan pi byen,

- pwodui epi ankouraje pwodiksyon ki mennen nan deskripsyon divès nivo langaj nan lang kreyòl la,
- ankouraje rechèch epi òganize rechèch sou varyete lang kreyòl ki gen nan peyi a,

- ede popilasyon an dekouvri richès leksikal lang kreyòl la epi ankouraje rechèch sou sa,
- fè edisyon ak vilgarizasyon pwodiksyon oral ak ekri ki fèt sou kreyòl epi an kreyòl.

B. Akademi an ap la pou li ankouraje moun ranmase konesans pèp ayisyen an nan tout domèn epi gaye konesans sa yo:

- evalye patrimwàn entelektyèl, atistik ak patrimwàn sou kwayans popilasyon ayisyen an pwodui depi plis pase de san (200) lane epi ankouraje moun travay sou sa,
- ankouraje rechèch sou achivaj ak analiz kalite panse popilasyon ayisyen an pwodui sou lavi l, ak tout sa ki konsène egzistans li; fason li poze pwoblèm ak fason li konprann «byen ak mal», elatriye,
- idantifye divès kalite rechèch ki ap fèt e ki ka fèt sou kreyòl, pandan l ap ankouraje rechèch sosyete ayisyen ak lang kreyòl la bezwen pou rezoud pwoblèm lang nan peyi a.

C. Veye pou Leta ak tout enstitisyon ki la pou fè sèvis popilasyon an sèvi ak lang kreyòl la jan konstitisyon 1987 la mande li a :

- veye pou tout biwo leta yo fonksyone an kreyòl epi pou dokiman ki pwodui anndan yo fèt an kreyòl,
- veye pou tout dekrè ak lwa leta ap pran, dokiman ki ap ekri, pou yo fèt an kreyòl kit nan pouvwa egzekitif la, kit nan lejislatif la ak lajistis,
- veye pou pratik lajistis yo fèt an kreyòl yon mannyè pou popilasyon jistisyab la byen konnen tout etap ak demach jidisyè yo,
- egzije pou edikasyon fèt nan lang popilasyon an ki se lang kreyòl la epi veye pou sa fèt kòm sadwa,
- evalye pwodiksyon materyèl didaktik pou lekòl, pou fòmasyon pwofesyonèl ak siperyè ann Ayiti epi ankouraje devlopman materyèl sa yo,

- veye pou inivèsite nan peyi a ranpli tout aktivite yo an kreyòl, kit se fòmasyon, kit se rechèch oubyen sèvis.

D. Travay pou fini ak rapò miwomiba lang kreyòl la sibi nan peyi d Ayiti depi plis pase desan (200) lane :

- Fè pwomosyon pou lang kreyòl la gen plis valè nan mitan popilasyon an pou rive met bout nan diskriminasyon kreyòl la sibi nan istwa peyi a,
- Ankouraje enstitisyon prive kou piblik, ak medya yo fonksyone nan lang kreyòl la.

Enstitisyonalizasyon Akademi an

Akademi lang kreyòl la se yon enstitisyon otonòm anndan leta a. Li la pou reglemante yon seri pratik lengwistik ki anpeche lang kreyòl la jwe yon seri wòl li dwe jwe, pou fè rechèch sou lang lan, pou devlope yon seri zouti k ap pèmèt moun byen metrize aprantisaj lang lan, pou ankouraje moun pwodui nan tout kalite domèn, espesyalman nan domèn ki gen pou wè ak lasyans epi li la pou sèvi referans pou verifikasyon tout prensip syantifik lang lan.

Sèvis	Travay ki ap fèt
Rechèch syantifik ak dokimantasyon	Fè rechèch sou lang lan epi ankouraje rechèch nan lang lan
Tradiksyon, koresyon ak revizyon dokiman	Tradui dokiman leta an kreyòl, ankouraje anplwaye leta yo pwodui an kreyòl, korije oswa revise travay sa yo
Pwodiksyon zouti aprantisaj lang lan ak zouti referans nan lang lan	Pwodui materyèl didaktik, diksyonè ak liv gramè
Fòmasyon ak pwomosyon	Fè fòmasyon pou tout kategori moun nan lang kreyòl la, fè pwomosyon sou jan pou yo sèvi avè l epi ankouraje moun pwodui tout kalite zèv

Fonksyònman entèn li ap chita sou yon seri *sèvis* oubyen *biwo* kote li regwoupe ansanm travay l ap gen pou fè yo.

Pou sa ki gen pou wè ak *rapò li ak lòt estrikti leta* (tankou lòt enstitisyon otonòm ak endepandan menm jan ak li, epi tou ak ministè, elatriye), Akademi an ap tabli yon rapò ki respekte prensip fonksyònman « enstitisyon otonòm ak endepandan » yo jan kons titisyon 1987 la prevwa sa.

a. Anplwaye akademi lang kreyòl ayisyen an

Anplwaye akademi kreyòl ayisyen an se moun ki gen *konpetans ki koresponn ak divès kalte responsablite* akademi an genyen, jan nou sot site yo pi wo a nan dokiman an epi sa dwe fèt dapre jan yo anplwaye moun nan fonksyon piblik la epi selon konpetans enstitisyon an bezwen.

b. Yon modèl estrikti

1. Akademi an
2. Konsèy konsiltatif ki gen plizyè sou-gwoup tankou : Lengwis, Ekonomis, Agwonòm, Doktè, Avoka, Enjenyè, Istoryen, Edikatè, Jesyonè, eksetera.

2. DEKLARASYON KOMITE INISYATIV POU RIVE METE AKADEMI AYISYEN AN KANPE

*Yo mete yon Akademi Ayisyen pou li fikse lang kreyòl la e pou li fè l
kapab devlope anfòm, an òd epi selon prensip lasyans.
Konstitisyon Repiblik d Ayiti, 1987, Atik 213*

Nou menm, Inivèsite d Eta d Ayiti, Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon, Près Nasyonal d Ayiti, Konfederasyon Nasyonal Vodouyizan Ayisyen, Jounal « Bon Nouvèl » ki fè pati Komite Inisyativ pou rive mete Akademi Ayisyen an kanpe, nou koube n byen ba devan kouraj ak fòs volonte pèp Ayisyen an.

Nou pwofite 28^{èm} Jounen Entènasyonal Lang Kreyòl la pou nou fè tout moun sonje enpòtans lang kreyòl la genyen pou nou menm Pèp Ayisyen e sa parèt aklè nan Konstitisyon an. Manm Asanble ki te prepare dokiman Konstitisyon 1987 la te konprann enpòtans kesyon sa a. Se sa k fè yo vini ak plizyè atik ki konsène plas lang yo ak wòl lang yo nan sosyete a :

- atik 5 « Sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm, se lang kreyòl la. Kreyòl ak franse, se lang ofisyèl Repiblik d Ayiti. »
- atik 24.3 « Rezon ki fè yo arete yon moun, oubyen rezon ki fè yo fèmen yon moun nan prizon, se pou manda a esplike sa klè, ni an kreyòl, ni an franse. »
- atik 40. « Leta dwe sèvi ak radyo, ak jounal, ak televizyon pou li gaye bon enfòmasyon, an kreyòl ak an franse... »

Al gade tou kijan atik 211 lan mande pou yo sèvi ak lang ofisyèl yo nan tout nivo nan sistèm edikasyon ayisyen an (...) Pifò kou yo, dwe fèt nan lang ofisyèl peyi a.

Nou menm manm komite inisyativ la, nou apresye travay ki fèt pou franse a ki se youn nan lang ofisyèl nou yo ; men, nou gen anpil kè sote lè n wè kòman, malgre pwogrè kreyòl la ap fè nan sosyete a, kontinye gen gwo antrav pou devlopman sèl lang ki simante tout Ayisyen yo ansanm. Konsa, nou kwè youn nan antrav ki anpeche nou respekte atik ki konsène kesyon lang yo kòm sadwa, se paske nou pa respekte sa manman lwa peyi a di e sitou atik 213 la ki mande pou kreye yon Akademi Ayisyen.

Nou kwè jan konstitisyon an mande l la, kesyon lang anndan yon nasyon pa dwe lage nan lib. Okontrè li enpòtan pou nou trete kesyon sa a kòm yon dosye estratejik pou peyi a. Se sa k fè, depi kèk tan, nou menm nan Komite sa a, nou pran devan nan brase lide, reflechi, diskite epi fè konsiltasyon pou rive mete Akademi an kanpe. Nan kad sa a tou, nou pwofite anonse piblik la an jeneral, etidyan, pwofesè, sosyològ, antwopològ, lengwis, ekriyen, powèt ak tout moun k ap batay pou avansman lang kreyòl la an patikilye, nou ap òganize nan mitan lane 2011 lan yon kokenn chenn brase lide (Kolòk Entènasyonal) sou ki jan nou kapab pouse desidè yo ak tout Palman an mete Akademi Ayisyen an soupye pou toutbon.

Se poutèt sa Komite Inisyativ la deklare li soutni ak tout fòs li Konstitisyon 1987 la, sitou atik 213 la ki genyen deklarasyon sa a. Nou pran konsyans pwoblèm lang kreyòl la se yon dosye estratejik sa vle di yon dosye majè pou Pèp Ayisyen an, ki dwe trete kòrèkteman, san pèdi tan. Okenn pwogrè pa posib si nou pa planifye, epi amenaje de (2) lang ofisyèl nou yo san fòs kote.

Premye pa sa yo pa ase, gen anpil lòt ki pou fèt ankò. Pou travay la jwenn bon rezilta, fòk tout enstitisyon, tout gwoup moun ak tout sektè nan sosyete a : fanm kou gason, edikatè, sosyològ, ekriyen, lengwis, pè, pastè, houngan, jiris, sendikalis, moun lavil kou moun nan mòn, etidyan, antreprenè, komèsan, elatriye ki santi yo konsènen e ki dakò vin patisipe nan demach Komite Inisyativ la deja koumanse a ! Nan sans sa, n ap envite tout lòt moun ak tout enstitisyon vin kore deklarasyon an epi siyen l tou.

Moun ki siyen Deklarasyon sa se :

Jean Vernet HENRY Inivèsite d Eta d Ayiti

Carol JOSEPH Sekreteri d Eta Alfabetizasyon

Max BEAUVOIR Konfederasyon Nasyonal Vodouyizan

Ayisyen / Ati Nasyonal

Jean-Pierre Nzemba WAYI, CICM Jounal Bon Nouvèl

3. APPEL SOLENNEL POUR LA MISE EN PLACE DE L'ACADÉMIE DU CRÉOLE HAÏTIEN

Avant de partager avec vous mon sentiment sur ce que représente pour nous l'accueil en Haïti de ce 12^e Colloque International des Études Créoles, j'aimerais, au nom du Conseil Exécutif de l'Université d'Etat d'Haïti et en mon nom propre, vous adresser mes plus chaleureuses salutations. J'aimerais dire combien nous sommes heureux de la présence en Haïti des prestigieux membres du Comité International des Etudes Créoles. J'aimerais aussi rendre un hommage spécial aux dirigeants du Centre de Recherche Normes, Échanges et Langages, qui ont eu l'audace de présenter en 2006 la candidature d'Haïti pour l'organisation d'un tel évènement. Je dis « audace » car à cette époque, le pays traversait une situation particulièrement difficile.

C'est pour moi un grand plaisir de prendre part ce matin à la cérémonie d'ouverture du douzième « *Colloque des Études Créoles* ». Cet évènement international se tient, depuis déjà plus de trente ans, dans un état créolophone différent. Or, c'est pour la première fois que nous, en Haïti, avons l'opportunité de l'accueillir. Et cela, en dépit du fait que nous sommes la plus grande nation créolophone en plus d'être la plus ancienne. Vous comprenez que ce plaisir est d'autant plus intense que nous avons dû attendre longtemps. Nous sommes donc heureux de pouvoir accueillir cet évènement, ici, en Haïti, dans le plus vaste et le plus dynamique laboratoire du créole.

D'autant plus que nous, Haïtiens, sommes très sensibles et très concernés par les précieux acquis du Comité International des Etudes Créoles qui a su, entre autres réalisations :

- Créer et imposer une nouvelle discipline scientifique, au sein de la linguistique, la créolistique ;
- Elaborer et diffuser un vaste travail de description des langues créoles ;
- Rendre disponible des instruments pertinents de défense, d'illustration et de développement de la langue créole, lesquels ont pu faire leurs preuves dans la mise en place de réformes éducatives, notamment aux Seychelles et en Haïti.

Dans le même temps des pas importants ont été franchis en Haïti durant ces 30 dernières années dans le domaine de la promotion et de la valorisation de langue nationale.

À part les travaux académiques et didactiques produits en Haïti et à l'étranger, il faut noter les points suivants :

- le créole est devenu langue officielle depuis la Constitution de 1987 ;
- le créole est reconnu comme langue et objet d'enseignement depuis la Réforme Bernard ;
- l'enseignement supérieur s'est mis de la partie avec la création de la Faculté de Linguistique Appliquée de l'UEH ;
- à la radio, dans les discours politiques, le créole a acquis droit de cité ;
- la dernière rentrée littéraire a été consacrée à la littérature créole.

Nous sommes donc loin, très loin, de cette période où le Directeur du Quotidien Gouvernemental « Le Nouveau-Monde », un intellectuel de belle eau pourtant, le Dr. René Piquion, pour ne pas le nommer, pouvait réclamer, « au nom de la raison d'Etat », de condamner au silence tous ceux qui osaient promouvoir et défendre la langue maternelle.

Cela dit, il nous reste encore beaucoup à faire pour que la langue créole acquière sa vraie place en pays d'Haïti et cesse d'être l'objet des discriminations de toutes sortes que nous connaissons :

- au niveau de la justice,
- au niveau de l'enseignement,
- au niveau de l'administration,

pour ne citer que cela. Le créole attend encore d'être consacré effectivement langue officielle.

Au niveau de mentalités, au niveau des valeurs, nous avons encore du chemin à parcourir pour que ce patrimoine riche et divers, ce socle fondamental de notre identité, ce véhicule et réceptacle de nos savoirs, nous l'assumions pleinement, avec toute la fierté et tout l'orgueil qui lui sont dus.

Dans cette perspective, nous souhaitons ardemment un rapprochement entre ce prestigieux Comité International des Etudes Créoles et nous. Plus encore, nous espérons fermement que la tenue de ce colloque en Haïti soit le point de départ d'un nouveau mouvement de défense, de promotion, de valorisation du Créole en Haïti.

Il faut que le Créole trouve en Haïti la place qui lui est due. Il faut qu'Haïti trouve dans le Créole, dans le mouvement Créole, le mouvement créole international, la place qui lui est due.

Haïti, où pour parodier le poète, le Créole, ou la « créolitude s'est mise debout pour la première fois ».

Le créole, ce ciment qui unit tellement de peuples du monde, tant de nations de la Caraïbe, le créole qui devrait être l'une des langues officielles du CARICOM.

Au moment où vont débiter les travaux de ce XII^e Colloque, historique par le lieu de son déroulement, je lance un appel solennel aux chercheurs, aux officiels et à tous ceux ici présents pour que l'Académie de la langue créole, prévue par la Constitution 1987, puisse voir le jour prochainement.

Oh !, je sais, qu'entre chercheurs, entre académiques, les violons ne sont toujours pas accordés sur ce point. Il y a des peurs, des incertitudes, des suspicions de toutes sortes.

Mais si nous voulons disposer d'un instrument prestigieux de promotion, de développement, de valorisation de ce patrimoine, témoin et dépositaire de notre identité et de nos savoirs locaux les plus pertinents, nous devons mettre en place cette Académie.

L'UEH est prête à s'investir dans cette entreprise. Elle en appelle à tous les chercheurs, haïtiens et étrangers, aux membres du CIEC, du CRENEL, à s'y engager résolument.

Nous voulons profiter de ce moment pour rendre un vibrant hommage aux infatigables fondateurs du CIEC, dont les professeurs Robert Chaudenson, Lambert Felix Prudent, Ulrich Fleischmann, Anagret Bolle, et bien sur, le Doyen de la Faculté de Linguistique Appliquée de l'Université d'Etat d'Haïti, le professeur Pierre Vernet.

De manière encore plus spéciale, je tiens à souligner le travail inlassable, substantiel et combien pertinent du professeur Robert Chaudenson, Président du Comité depuis sa fondation, qui a su mener sa barque à bon port. Je vous demande de bien vouloir reconnaître ce travail de titan et l'applaudir chaleureusement.

Au nom du Conseil Exécutif de l'UEH et en mon nom propre, j'ai donc le privilège et le plaisir de déclarer ouverts les travaux du Colloque International des Études Créoles que je souhaite fructueux.

25 oktòb 2009

Fritz Deshommes

Vice-Recteur à la Recherche

SOMMAIRE

PREZANTASYON	5
Lis moun ak enstitisyon ki òganize kòlòk sa a	7
Komite pilotaj	7
Komite syantifik	7
Komite sipò	8
Komite òganizasyon	8
Pwogram kòlòk la	9
Mèkredi 26 oktòb 2011	9
Premye jounen : jedi 27 oktòb 2011	9
Dezyèm jounen : vandredi 28 oktòb 2011	12
Twazyèm jounen : Samdi 29 oktòb 2011	15
Rezime kominikasyon yo	17
Anèks	29
1. Ki sa Akademi an ka ye (pwopozisyon pou diskisyon)	31
2. Deklarasyon komite inisyativ pou rive mete akademi ayisyen an kanpe	37
3. Appel solennel pour la mise en place de l'Académie du créole haïtien	41

